



PTO Lincoln
nan ap prezante
avek fyète

Sware kilti mondyal

Vin jwenn nou pou yon prezantasyon kilti ki nan kominote nou an

Tout fanmi Melrose yo invite pou patisipe!

Kilè : Vendredi 13 Mas, 6-8 PM

Ki kote : Lincoln 80, W. Wyoming Ave

Eskew vle pataje kilti-w nan sware kilti mondyal?

- Òganize yon tab avèk yon afich oubyen bagay ki soti nan kilti w la.
- Pote yon plat pouw pataje nan repa a
- Fè yon chante, yon dans, oubyen yon piès téat.



Eskane kòd QR la pouw inskri pou òganize yon tab, pote yon plat nan repa wap pataje a, oubyen jwe sou sèn nan



**Pou plis informasyon, vizite sitwèb Lincoln PTO a nan
<https://melrosepto.com/lincoln/>
Voye kesyon ou yo sou lincoln@melrosepto.com**



Sware kilti mondyal

Kesyon yo toujou poze: FAQ

Eske mwen dwe anrejistre poum vinn suiv?

Non, jis vini! Nou sèlman mande w enskri si ou vle òganize yon tab, pote yon plat pou repa wap pataje oswa fè yon pèfòmans sou sèn nan.

Kisa mwen bezwen fè si fanmi mwen vle òganize yon tab, pote yon plat oswa fè yon pèfòmans?

1. Òganize yon tab pou anseye moun sou kilti pa w la. Ou ka fè yon afich oswa pote bagay tankou liv, atizay oswa rad tradisyonèl - kèlkeswa sa ou panse ki pi byen reprezante tradisyon pa w yo. Tanpri rive anvan 5:30 p.m. pou enstale.
2. Pote yon plat pou pataje nan repa a. Tanpri pote ase pou 20-25 pòsyon ansanm ak yon ti deskripsyon ak yon lis engredyan yo.
3. Prezante yon chante, yon dans, yon piès téat oswa yon lòt pèfòmans kiltirèl sou sèn Lincoln nan. Tan pèfòmans lan se 5 minit.

Ki moun ki ta dwe gen yon tab oswa fè yon pèfòmans?

Evènman sa a selebre tout fanmi Melrose yo. Ou ka pataje yon peyi, yon reyon, yon vil/komin, yon relijyon oswa nenpòt lòt kilti fanmi ou fè pati de li oswa ki enterese nan li.

E si mwen vle patisipe, men mwen bezwen asistans finansye pou materyèl pou tab mwen an oswa engredyan pou plat mwen an?

Gen sibvansyon disponib pou fanmi yo pou materyèl oswa engredyan. Tanpri kontakte Madan Patti nan jpatti@melroseschools.com

E si mwen menm oswa yon moun nan fanmi mwen bezwen yon entèprèt pou evènman an?

Entèpretasyon disponib nan evènman an sou demann. Tanpri kontakte Lincoln PTO nan lincoln@melrosepto.com anvan vandredi 13 fevriye.



Pwogram sa a finanse an pati pa yon sibvansyon ki soti nan Konsèy Kiltirèl Melrose la, yon ajans lokal ki resevwa sipò nan men Konsèy Kiltirèl Massachussets la, yon ajans leta.